

## COVID-19: Enstriksyon Jeneral pou Operatè Veyikil yo

*Dokiman sa a bay enstriksyon jeneral pou operatè veyikil yo pou ede ralanti pwopagasyon COVID-19 la. Antreprenè etablisman medikal yo ki ap bay transpò pou pasyan yo ta dwe swiv enstriksyon konpayi yo a.*

### Prekosyon sekirite pou operatè veyikil yo pou pwoteje tèt yo ak pasaje yo a

- Siveye sante ou deprè pou sentòm COVID-19 yo, tankou tous, souf kout oswa difikilte pou respire, lafyè, frison, doulè nan misk, malgòj oswa pèt gou oswa pran sant toutdenkou.
    - Fè tès pou COVID-19: vizite [nyc.gov/covidtest](https://nyc.gov/covidtest) pou jwenn yon sit pou tès.
    - Si ou te genyen oswa ka genyen COVID-19, rete lakay ou jiskaske tout deklarasyon ki anba la yo vrè pou ou:
      - Sa te fè omwen 10 jou depi sentòm ou yo te kòmanse.
      - Ou pa te genyen lafyè pandan twa jou avan yo san itilize medikaman pou redwi lafyè yo.
      - Globalman, maladi ou a te amelyore.
    - Kèk travayè ki te genyen oswa gendwa genyen COVID-19 dwe tann pi lontan avan yo retounen travay baze sou egzijans Eta New York yo.
  - Pratike ijyèn pèsònèl sanitè.
    - Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn, espesyalman apre ou fin jere lajan oswa sachè pasajè yo. Sèvi ak yon dezenfektan abaz alkòl si pa gen savon ak dlo disponib.
    - Kouvri bouch ou ak nen ou avèk yon mouchwa oswa bra ou lè ou etènne oswa touse.
    - Mete mouchwa ak dezenfektan pou men abaz alkòl disponib nan veyikil ou a pou pasaje yo.
    - Ankouraje opsyon peman san touche yo. Redwi jesyon kach ak kat kredi yo.
- PA:**
- Touche je ou, nen ou, ak bouch ou avèk men ou san lave.
  - Bay lanmen oswa ofri boutèy dlo yo, chiklèt oswa lòt atik bay pasaje yo.
- Netwaye epi dezenfekte veyikil ou souvan.
  - Prete atansyon espesyal ak sifas ak objè pasajè yo manyen souvan yo, tankou manch pòt yo, bouton fènèt yo, lòk yo, machin peman yo, kote yo depoze bra yo, kousen chèz yo, bouk yo ak senti sekirite yo. Efase sifas ou touche souvan yo, tankou volan, bouton radyo yo, endikatè siyal pou vire yo ak espas pou kenbe gode yo.
  - Retire pousyè ak kras vizib yo dabò. Answit itilize yon pwodwi dezenfektan regilye (pa egzans, Klowòks, pwodwi pewoksid oswa abaz alkòl ki gen tout izaj yo) ki apwopriye pou sifas la pou retire pifò mikwòb yo. Dezenfektan yo pi efikas sou sifas ki pwòp yo. Li ak swiv etikèt pwodwi netwayaj ak dezenfektan yo.
  - Pote gan ki ka jete yo ak nenpòt ekipman pwoteksyon apwopriye lè ou ap netwaye ak dezenfekte. Jete gan yo nan fatra apre ou itilize yo epi lave men ou avèk savon ak dlo oswa itilize dezenfektan pou men abaz alkòl.
  - Kite pòt veyikil ou ouvè pandan ou ap netwaye ak dezenfekte.
  - Tann jiskaske tout sifas yo fin sèch nèt avan ou aksepte pasajè yo.

- Pou enfòmasyon anplis sou netwayaj ak dezenfeksyon yo, vizite [nyc.gov/health/coronavirus](https://nyc.gov/health/coronavirus) epi chèche "General Cleaning/Disinfection Guidance for Non-Health Care Settings" (Enstriksyon sou Netwayaj/Dezenfeksyon pou Anviwònman ki pa Swen Sante) sou paj "Guidance for Businesses" (Enstriksyon pou Biznis) la.
- Kenbe distans fizik.
  - Kenbe yon distans omwen 6 pye ant oumenm ak lòt moun yo, chak fwa sa posib.
  - Dekrè Egzekitif 202.18 Eta New York la egzije chofè yo pote yon kouvèti pou figi lè ou ap transpòte pasaje yo, ak tout pasaje ki gen laj plis pase dezan ki kapab tolere li medikalman dwe pote yon kouvèti pou figi. Pou plis enfòmasyon sou kouvèti yo, vizite [nyc.gov/health/coronavirus](https://nyc.gov/health/coronavirus) epi chèche pou "FAQ About Face Coverings" (Kesyon yo Poze Souvan sou Kouvèti pou Figi) yo.
  - Mande pasaje yo pou yo chita deyè pou kreye distans fizik. Si veyikil la gen yon separasyon, fèmen separasyon an avan ou pran pasaje yo. Si veyikil la pa gen yon separasyon, konsidere mete yon baryè plastik ant devan ak deyè veyikil la (*remake: baryè a pa ta dwe afekte vizibilite retwovizè ki gade deyè yo*). Pou veyikil ki gen lisans Komisyon Taksi ak Limouzin (Taxi and Limousine Commission, TLC) yo, chofè yo ta dwe swiv enstriksyon TLC a sou enstalasyon separasyon yo.
  - Transpòte sèlman pasaje ki ansanm yo. Yo pa otorize trajè an gwoup (yo konnen tou kòm vwayaj "pataje" oswa "regwoupe" yo) eksepte pou veyikil sèvis transpò adapte yo).
  - Itilize twou ayerasyon veyikil la pou mennen lè frè soti deyò ak/oswa fenèt ki pa yo. Evite itilize opsyon lè ki ap resikile a.

### Li enpòtan pou nou pa melanje reyalite ak laperèz epi pwoteje kont estigmatizasyon.

- Epidemi an se pa absoliman yon eskiz pou pwopaje rasis ak diskriminasyon. Li ilegal pou ou diskrimine kont pasaje yo oswa pasaje potansyèl yo akòz ras, nasyon orijin oswa lòt idantite yo.
- Si yo asele ou oswa yo fè diskriminasyon kont ou akòz ras ou, nasyon orijin ou oswa lòt idantite yo, kontakte Commission on Human Rights (Komisyon sou Dwa Moun) Vil New York (NYC) la nan rele **311** epi di "human rights" (dwa moun), oswa vizite [nyc.gov/cchr](https://nyc.gov/cchr) epi klike sou "Report Discrimination" (Rapòte Discrimination).

### Pran swen tèt ou ak fanmi ou

- **App Library (Aplikasyon Bibliyotèk) nan [nyc.gov/nycwell](https://nyc.gov/nycwell)**: zouti sou sante anliy ak byennèt emosyonèl yo.
- **NYC Well**: sipò sante mantal gratis disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7 pou konsèy rapid ak referans yo. Rele 888-692-9355 oswa diskite anliy nan [nyc.gov/nycwell](https://nyc.gov/nycwell).
- **Liy Èd Sipò Emosyonèl Eta New York sou COVID-19**: pwofesyonèl fòme yo ki disponib pou koute, sipòte ak bay referans si sa nesèsè. Rele 844-863-9314, soti 8 AM rive 10 PM, 7 jou pa semèn.
- **NYC Health and Hospitals (Sant ak Sante Lopital NYC yo)**: bay swen pou Nouyòkè yo, kèlkeswa sityasyon imigrasyon oswa kapasite pou peye yo. Rele 844-692-4692 oswa 311.

### Rete Enfòme

- Vizite Depatman Sante NYC (NYC Health Department) a nan [nyc.gov/health/coronavirus](https://nyc.gov/health/coronavirus) pou

enfòmasyon sou COVID-19 yo.

- Pou enfòmasyon an tan reyèl vizite [nyc.gov/coronavirus](https://nyc.gov/coronavirus).
- Afiche enfòmasyon pou pasaje yo nan do chèz ou. Vizite [nyc.gov/health/coronavirus](https://nyc.gov/health/coronavirus) pou afich ak depliyen yo.

**Depatman Sante Vil New York (NYC Health Department) gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye.**

6.11.20